

Deklarasyon Misyon

Pwogram Edikasyon Elèv ki Entelijan Anpil (*Gifted Education Program*, ann anglè) founi entriksyon ki apwopriye pou elèv ki elijib, nan itilize estrateji ki efektiv ak inovatif ki depase kourikoulòm fondamantal la. Pwogram nan konsewa pou l mande elèv fè anpil efò ak bayo mwayen pou yo pwodui bonjan travay, epi pou yo vin sitwayen pwodiktif, nan pwoteje epi ankouraje karakteristik inik sa yo.



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH

Opsyon Pwogram yo

LEKÒL PRIMÈ

Yo ofri elèv lekòl primè ki entilijan anpil yo yon seri pwogram atansyon ak aplentan. Yo ofri pwogram sa yo ki lokalize yon fason estratejik nan tout distri a atravè *Resource Room Model* oswa *The Gifted Center Model*. Si lekòl zòn nan pa genyen yon pwogram "Gifted" aplentan, y ap transfere elèv yo nan lekòl regilye k ap resevwa *Gifted Center* a. Elèv ki nan lekòl Pwogram Gifted atansyon ak aplentan yo ofri yon seri pwogram atansyon ak aplentan pou yo rete nan lekòl zòn yo oswa transfere nan lekòl regilye k ap resevwa *Gifted Center* a.

LEKÒL MWAYEN

Elèv Lekòl Mwayen kapab chwazi kou edikasyon gifted ki apwopriye nan sa ki disponib nan lekòl zòn yo. Si lekòl zòn yo pa kapab ofri sèvis gifted yo, y ap transfere elèv yo nan yon Sant Lekòl Mwayen gifted ki jewografikman pi prè lakay yo. Yo ofri elèv Lekòl Mwayen ki entelijan anpil yo ansèyman gifted nan matyè fondamantal yo nan 27 lekòl atravè distri a.

LEKÒL SEGONDÈ

Elèv Lekòl Segondè ki entelijan anpil yo genyen yon kantite opsyon. Pwogram Espesyalizasyon tankou Bakaloreya Entènasyonal, Jeni Mat-Syans, Medsin Preparatwa ak Pwofesyon Sante (*Allied Health Professions*), ak Dwa Preparatwa



Pwogram Edikasyon "Gifted"

Donald E. Fennoy II, Ed.D.
Sipèntandan

Kevin McCormick
Direktè Exceptional Student Education

Kowòdinatè Rejyonal
"Exceptional Student Education"

Rejyon Sid: Kelley Fisher
kelley.fisher@palmbeachschools.org
561-731-2879

Rejyon Nò: Janice Coe
janice.coe@palmbeachschools.org
561-494-1500

Rejyon Glades: Amy Brown
amy.brown@palmbeachschools.org
561-996-4902

Rejyon Santral: Theresa Padro-Morel
theresa.padro-
morel@palmbeachschools.org
561-804-3254



Michelle R. Martin
Planifikatris Pwogram pou *Gifted*
michelle.r.martin@palmbeachschools.org
561-434-8369

Theresa Thomas
Espesyalis Pedagojik *Gifted*
t.thomas@palmbeachschools.org
561-434-8734

Diana Snider, Ed.D
Fòmasyon ak Aprantisaj, Manadjè
Egzekitif
diana.snider@palmbeachschools.org
561-357-5943

www.palmbeachschools.org/ese/gifted

Yon kourikoulòm ki diferan nan pwendvi kalite pou yon elèv *gifted* enkli opòtinite edikatif ki planifye avèk swen, ki satisfè bezwen aprantisaj espesifik elèv *gifted* la.

KARAKTERISTIK YON ELÈV *GIFTED*

Timoun ki *Gifted* yo tipikman montre kèk, men pa nesèsman tout nan karakteristik sa yo:

- Itilize yon vokabilè ki rich
- Poze kesyon ki pi pwofon
- Eksprime ide espesyal
- Genyen yon gam enterè trè laj
- Itilize fraz ki konplèks
- Aji pou kont li (li endepandan)
- Montre kiryozi
- Posede trè lidèchip
- Travay ak yon nivo enèji ki wo
- Genyen anpil konsantrasyon
- Kòmanse li bonè
- Konprann konsèp tan
- Renmen aktivite endepandan
- Sansib pou santiman lòt moun
- Genyen yon sans imou ki vif
- Kapab konsevwa
- Aprann teknik rapidman
- Renmen aprann



KRITÈ ELIJBILITE

Elèv yo elijib pou Pwogram Edikasyon Gifted la atravè Plan A si yo satisfè kritè sa yo:

- Yon bezwen pou pwogram nan dapre evidans yon majorite karakteristik *gifted* kote elèv la te fè pwen nan yon Fòm lis Karakteristik Gifted Distri a yon pwofèsè sètifye nan Depatman Edikasyon eta a ranpli; ak
- Yon nòt 130 oswa plis nan yon Tès Kosyan Entelektyèl ki te administre endividyèlman.

Elèv yo kalifye anba Plan B si yo satisfè Kondisyon Elijiblite yo jan sa endike nan Manyèl *Gifted* la ak/oswa *SP&P*, “Plan B Distri a pou Popilasyon ki sou-Reprezante”.

Popilasyon ki sou-Reprezante enkli Elèv K ap Aprann Anglè (*English Language Learners (ELL ann anglè)*) ak elèv sa yo ki nan repa gratis oswa ak pri redui.

Yo enkòpore Kourikoulòm ki diferansye pou bay fleksibilite nan ansèyman an. Estrateji yo itilize kapab enkli:

- ◆ Etid anpwofondè
- ◆ Nivo konpleksite avanse
- ◆ Kontni avanse
- ◆ varyete nan kontni, pwosesis ak/oswa pwodui
- ◆ akselerasyon ansèyman

Pwofèsè nan Lekòl *Gifted* nan Rejyon Palm Beach:

Egzijans Eta Florid pou yo ajoute andòsman *Gifted* nan yon sètifika anseyan enkli ken zedtan semèstriyèl kredi kou nan domèn ansèyman sa yo:

Nati ak Bezwen Elèv *Gifted* yo, Teyori ak Devlopman Kreyativite, Kòman pou Gide ak Konsèye elèv *Gifted* yo, Popilasyon epesyal elèv *Gifted* yo, ak Kourikoulòm pou elèv *Gifted* yo.

Yo ofri kou sa yo atravè yon fòma aprantisaj sou entènèt, gratis pou pwofèsè Lekòl Piblik Rejyon Palm Beach.